МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ
РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
ФГБОУ ВО «Адыгейский государственный университет»

Факультет адыгейской филологии и культуры

# ПРОГРАММА
## вступительного профессионального испытания по адыгейскому языку и литературе при приеме на обучение по программам подготовки бакалавриата

для поступающих на базе среднего общего и профессионального образования

Декан факультета адыгейской филологии и культуры Н.А. Хамерзокова

Майкоп 2020

## Адыгабзэмк1э ч1эхьагъу экзаменым ипрограмм

Лъэпкъ факультетым къек1уал1эрэ абитуриентхэм гурыт еджап1эм адыгабзэк1э ш1эныгъэу щагъотыгъэр ч1эхьагъу экзаменхэм къащагъэлъэгъожьынхэ фае.

Ч1эхьагъу экзаменым ипрограммэ гурыт еджап1эм адыгабзэмк1э зэрагъэш1агъэм къыпкъырэк1ы.

Абитуриентхэм адыгабзэк1э гуфит-шъхьафитэу, зэк1элъык1ок1э гъэнэфагъэ хэлъэу адыгабзэм ибайныгъэ, ык1уач1э зыфагъэфедэзэ ягухэлъ-гупшысэхэр яныдэлъфыбзэк1э къыра1отык1ын зэралъэк1ыщтыр къагъэлъэгъон фае.

Чанэу, 1упк1эу, литературабзэм ишапхъэхэр амыукъоу, рэхьатэу упч1эхэм яджэуапхэр къатын фае.

Адыгабзэмк1э абитуриентым къыгъэлъэгъон фэе ш1эныгъэхэр т1оу зэтеутыгъ: зыр теорие хабзэхэу адыгабзэм и1эхэм яхьыл1агъ, адрэр теориемк1э зэригъаш1эхэрэр зэхэфыным къыщигъэлъэгъожьынэу гъэпсыгъэ.

Теориемк1э абитуриентым къытрэ джэуапым къы1уатэрэр къызэрэгуры1орэр щысэхэмк1э къэгъэпытэжьын фае.

Зэхэфыным абитуриентым ш1эныгъэу фонетикэмк1э, лексикэмк1э, морфологиемк1э, синтаксисымк1э ыш1эрэр къыщигъэлъэгъожьын фае. Зэхэфыным абитуриентым орфографие, пунктуацие къулайныгъэу гурыт еджап1эм щызэригъэш1агъэр щегъэфедэ.

Абитуриентым адыгабзэк1э джэуапыр къызэритрэм, литературабзэм ишапхъэ тетэу гущы1эн зэрилъэк1рэм, игущы1э бзэм ибайныгъэ зэрыщигъэфедэрэм, къэ1ок1э зэфэшъхьафхэмк1э бзэм исинонимхэр, антонимхэр ыгъэфедэзэ ипсалъэ зэригъэдахэрэм, къы1он фаер нэм къык1эуцоу къы1отэн зэрилъэк1рэм мэхьанэшхо и1.

Зэк1э гурыт еджап1эм ипрограммэ тетэу еджак1омэ зэрагъэш1эн фэе ш1эныгъэхэмрэ къулайныгъэмрэ ч1эхьагъу экзаменхэм апае зэхэгъэуцогъэ программэм къыделъытэ.

Упч1эхэу программэм хэхьагъэхэр бзэш1эныгъэм иедзыгъо зэфэшъхьафмэ яхьыл1агъ: фонетикэм, гущы1эгъэпсыным, лексикэм, гущы1эр зэрэзэхэтым, морфологием, синтаксисым.

### Фонетикэр

Фонетикэм зэригъаш1эрэр. Бзэм хэт макъэхэм ягъэпсын хэлэжьэрэ органхэр (Тхьабылыр, къурбэир, чыир, жэ к1оц1ыр, бзэгур, 1упш1эр, цэхэр, пэ к1оц1ыр). Макъэхэр гъэпсыгъэ зэрэхъурэ ш1ык1эхэр.

Мэкъэзэращэхэр. Мэкъэ чанхэмрэ дэгухэмрэ. Чыйзэфэш1ыгъэ макъэхэр буквэу зэратхыхэрэр.

Мэкъэ 1ужъухэр. Мэкъэ 1ужъухэр буквэхэу зэратхыхэрэр.

Мэкъэзещэхэр (къызэрык1охэр ык1и зэхэлъхэр). Зещэу э-р зэращэ мэкъэ 1ужъухэм ауж зэратхырэр.

**Лексикэмрэ фразеологиемрэ**

Лексикэ зыфа1орэр. Лексикологиек1э заджэхэрэр. Гущы1эм имэхьэнэ лъапсэрэ имэхьэнэ гуадзэрэ. Зэк1эмэ зэдагъэфедэрэ гущы1эхэр. Диалект гущы1эхэр. Адыгэ гущы1э шъыпкъэхэр. Нэмык1ыбзэ гущы1эхэр. Интернациональнэ гущы1эхэр. Сэнэхьат гущы1эхэр. Жъы хъугъэ гущы1эхэр.

Омонимхэр, синонимхэр, антонимхэр.

Фразеологизмэхэр. Фразеологизмэмэ ямэхьан, ягъэпсык1, янэшанэхэр.

**Морфологиер**

Бзэ гущы1эхэр.

Морфологием зэригъаш1эрэр. Бзэ лъэпсэ гущы1эхэр ык1и бзэ 1эпы1эгъу гущы1эхэр.

Пкъыгъуац1эм мэхьанэу ык1и лъэпсэ нэшанэхэу и1эхэр. Пкъыгъуац1эхэр гущы1эухыгъэм членэу къызэрэхафэхэрэр.

Ц1ыфыр ык1и нэмык1хэр къызэрык1рэ пкъыгъуац1эхэр. Пкъыгъоц1э унаехэмрэ къызэрык1охэмрэ.

Пкъыгъоц1э гъэнэфагъэхэмрэ пкъыгъоц1э мыгъэнэфагъэхэмрэ.

Пкъыгъуац1эхэр падежхэмк1э зэрэзэхъок1хэрэр. Гъэнэфэгъэ зэхъок1ыныр. Мыгъэнэфэгъэ зэхъок1ыныр.

Пкъыгъоц1э унаемэ язэхъок1ын.

Падежмэ ямэхьанэхэр.

Пкъыгъуац1эм ятхык1.

**Плъышъуац1эр**

Плъышъуац1эм мэхьанэу ык1и лъэпсэ нэшанэу и1эхэр.

Плъышъуац1эхэр гущы1эухыгъэм членэу къызэрэхафэхэрэр.

Нэшэнэ плъышъуац1эхэмрэ ехьыл1эгъэ плъышъуац1эхэмрэ. Зэфэгъэдэн степенэу плъышъуац1эхэм я1эхэр: фэгъэдэн ык1и къебэк1ырэ степеныр.

Плъышъуац1эхэр падежхэмк1э ык1и пчъагъэхэмк1э зэрэзэхъок1рэр.

Плъышъуац1эмэ ятхык1.

**Пчъэгъац1эр**

Пчъэгъац1эм имэхьан. Пчъэгъац1эхэр ягъэпсык1эк1э зэрэзэтрафхэрэр (къызэрык1охэр, зэхэлъхэр, зэхэтхэр). Пчъэгъац1эхэр ямэхьанэк1э зэрэзэгощыгъэхэр (пчъэгъэ пчъэгъац1эхэр, зэтеутын пчъэгъац1эхэр, гъэк1эк1ын пчъэгъац1эхэр, зэк1элъык1ок1э пчъэгъац1эхэр).

Зэк1элъык1ок1э пчъэгъац1эмэ ямэхьан ык1и ягъэпсык1.

Пчъэгъац1эхэр падежхэмк1э зэрэзэхъок1хэрэр, ахэр гущы1эухыгъэм зэрэщагъэфедэхэр.

Пчъэгъац1эмэ ятхык1.

**Ц1эпапк1эхэр**

Ц1эпапк1эм мэхьанэу и1эр. Ц1эпапк1эхэр гущы1эухыгъэм членэу къызэрэхафэхэрэр. Ц1эпапк1эхэр купэу зэрэгощыгъэхэр: шъхьэ ц1эпапк1эхэр, къэзгъэлъэгъорэ ц1эпапк1эхэр, зие ц1эпапк1эхэр, упч1э ц1эпапк1эхэр, къэзгъэнэфэрэ ц1эпапк1эхэр, мыгъэнэфэгъэ ц1эпапк1эхэр, мыдэныгъэ ц1эпапк1эхэр.

Ц1эпапк1эхэу падежк1э зэхъок1хэрэр.

Ц1эпапк1эмэ ятхык1.

**Глаголыр**

Глаголым мэхьанэу ык1и лъэпсэ нэшанэу и1эхэр. Глаголым иуахътэхэр (мы уахътэр, къэк1ощт уахътэр, блэк1ыгъэ уахътэр, блэк1ыщтыгъэ уахътэр, блэк1ыгъагъэ уахътэр).

Глаголыр шъхьэхэмк1э ык1и пчъагъэхэмк1э зэрэзэхъок1рэр.

Шъхьэ приставкэмэ ятхык1. лъы1эсрэ ык1и лъымы1эсрэ глаголхэр.

Ухыгъэ ык1и мыухыгъэ глаголхэр.

Глаголым инаклонениехэр: къэз1отэрэ, зэлъытыгъэ, ш1оигъо, унэшъо. Егъэш1эн, дэш1эн, зэдэш1эн, шъхьэфэш1э глаголхэр.

Ч1ып1эр ык1и лъэныкъор къэзгъэлъэгъорэ приставкэхэр (превербхэр). Ч1ып1эр къэзгъэлъэгъорэ приставкэхэр ямэхьанэк1э зэпхыгъэ пкъыгъуац1эхэр.

Глаголым гущы1эухыгъэм пшъэрылъэу щигъэцак1эрэр.

**Причастиер**

Причастие зыфа1орэр. Причастиер гущы1эухыгъэм къызэрэхафэхэрэр. Причастием иморфологие нэшанэхэр: плъышъуац1эм инэшанэхэу причастием хэлъхэр: падежхэмк1э, пчъагъэхэмк1э зэрэзэхъок1рэр. Глаголым инэшанэхэу причастием и1эхэр: лъык1уатэу ык1и лъымык1уатэу зэрэхъурэр, лъы1эсэу ык1и лъымы1эсэу зэрэхъурэр, шъхьэхэмк1э ык1и уахътэмк1э зэрэзэхъок1ырэр.

**Деепричастиер**

Деепричастие зыфа1орэр. Деепричастиер гъэпсыгъэ зэрэхъурэ суффиксхэр.

Глаголым инэшанэу деепричастием хэлъхэр. Шъхьэхэмк1и, уахътэхэмк1и зэрэзэхъок1хэрэр. Наречием инэшанэу деепричастием и1эхэр.

Деепричастиехэм ятхык1.

**Наречиер**

Наречие зыфа1орэр. Наречием морфологие нэшанэу и1эхэр. Мэхьанэу я1эмк1э наречиехэр купэу зэрэгощыгъэхэр. Наречиехэр гъэпсыгъэ зэрэхъухэрэр.

## Бзэ 1эпы1эгъу гущы1эхэр

### Гущы1элъык1ор

Гущы1элъык1у зыфа1орэр, ащ играмматикэ нэшанэхэр. Къатемык1ыгъэ ык1и къатек1ыгъэ гущы1элъык1охэр. Гущы1элъык1омэ ятхык1.

### Зэпххэр

Зэпх зыфа1орэр. Зэпххэм грамматическэ нэшанэу я1эхэр. Зэпххэр зэрэзэтек1хэрэр: къатек1ыгъэ ык1и къатемык1ыгъэ зэпххэр. Зэзыпхырэ зэпххэмрэ зэпх суффиксхэмрэ.

### Гущы1эгъусэхэр

Гущы1эгъус зыфа1орэр. Гущы1эгъусэхэр ямэхьанэк1э купэу зэрэгощыгъэхэр.

Гущы1эгъусэмэ ягъэпсык1.

### Междометиехэмрэ гущы1эпэш1хэмрэ

Междометие зыфа1орэр. Междометиемэ япшъэрылъхэр. Мэхьанэу я1эмк1э междометиехэр зэрэзэтраутыхэрэр.

Мэкъэпэш1 гущы1 зыфа1орэр.

## Синтаксисыр

### Гущы1эзэгъусэр

Гущы1эзэгъус зыфа1орэр. Гущы1эзэгъусэм ык1и гущы1эухыгъэм ахэт гущы1эр зэрэзэпхыгъэ ш1ык1эхэр. Гущы1эзэгъусэ къызэрык1охэмрэ гущы1эзэгъусэ зэхэлъхэмрэ.

### Гущы1эухыгъэр

Гущы1эухыгъэм инэшэнэ лъапсэхэр.

1офыгъоу агъэцак1эрэм ехьыл1агъэу гущы1эухыгъэхэр зэрэзэтрафхэрэр: къэз1отэрэ, упч1э, 1этыгъэ гущы1эухыгъэхэр.

Гущы1эухыгъэр ягъэпсык1эк1э зэрэгощыгъэхэр: зэзэхэт ык1и т1озэхэт гущы1эухыгъэхэр; мыубгъугъэ ык1и убгъугъэ гущы1эухыгъэхэр; къызэрык1о ык1и зэхэлъ гущы1эухыгъэхэр.

Гущы1эухыгъэм ичлен шъхьа1эхэр. Подлежащэр, ар къызэра1орэр. Сказуемэр, глагол-сказуемэ къызэрык1ор.

Сказуемэ зэхэтыр. Глагол-сказуемэ зэхэтыр, ц1э сказуемэ зэхэтыр.

Гущы1эухыгъэм ичлен гуадзэхэр.

Дополнениер, къэзгъэнафэр, гущы1этедзэр, обстоятельствэхэр, мэхьанэу я1эмк1э ахэр купэу зэрэгощыгъэхэр. Зэзэхэт гущы1эухыгъэр. Зэзэхэт гущы1эухыгъэхэр лъэпсэ купэу зэрэгощыгъэхэр. Зэзэхэт гущы1эухыгъэхэу член шъхьа1эу сказуемэр зыхэтхэр: шъхьэ гъэнэфэгъэ зыхэт гущы1эухыгъэхэр, шъхьэ мыгъэнэфэгъэ зыхэт гущы1эухыгъэхэр, шъхьэ зыхэмыт гущы1эухыгъэр

Зэзэхэт гущы1эухыгъэу член шъхьа1эу подлежащэр зыхэтыр: пыутыгъэр.

Гущы1эухыгъэ икъухэмрэ имыкъухэмрэ .

Гущы1эухыгъэм ичлен зэлъэпкъэгъухэр. Къэзыпчъырэ къэ1ок1э къодыек1э зэпхыгъэ член зэлъэпкъэгъухэр.

Член зэлъэпкъэгъухэу зэзыпхырэ зэпххэмк1э зэпхыгъэхэр.

Член зэлъэпкъэгъухэу зэпх суффиксхэмк1э зэпхыгъэхэр.

Член зэлъэпкъэгъухэр зыхэт гущы1эухыгъэхэм тамыгъэу ахагъэуцохэрэр.

Зэфэхьысыжь гущы1эхэр член зэлъэпкъэгъумэ зэрягъусэхэр.

Фэгъэзагъ зыфа1орэр, ащ имэхьан. Фэгъэзагъэр тамыгъэу къызэрэхагъэщрэр.

Гущы1э ык1и гущы1эгъусэ хадзэхэр, мыхэр ямэхьанэк1э купэу зэрэгощыгъэхэр ык1и тамыгъэу къызэрэхагъэщхэрэр.

Гущы1эухыгъэ хадзэхэр, тамыгъэу къызэрэхагъэщхэрэр.

Къыхэгъэщыгъэ член гуадзэхэр: къэзгъэнафэхэмрэ гущы1этедзэхэмрэ.

Къыхэзгъэунэфык1рэ членхэм якъыхэгъэщын.

**Мыухыгъэ конструкциехэр**

Мыухыгъэ конструкциехэм (занэхэм) ягъэпсык1. Мыухыгъэ конструкциехэр зэрэзэтефыгъэхэр: уахътэ, ш1ык1э, ушъхьагъу, зэлъытыгъэ, фэгъэк1отэн, зэпх мэхьанэ зи1э мыухыгъэ конструкциехэр (занэхэр).

Мыухыгъэ конструкциехэм гущы1эухыгъэм ч1ып1эу щаубытрэр.

Мыухыгъэ конструкциехэр тамыгъэу къызэрэхагъэщхэрэр.

**Хымэ псалъэр**

Хымэ псалъэр зэралъагъэ1эсрэ амалхэр. Къа1огъэ псалъэр, ар къызэрэхагъэщрэ тамыгъэхэр.

Диалогыр. Къа1ожьыгъэ псалъэр зыхэт гущы1эухыгъэхэр. Къа1огъэ псалъэр къа1ожьыгъэ псалъэмк1э зэрэзэблахъурэр.

**Гущы1эухыгъэ зэхэлъхэр**

Гущы1эухыгъэ зэхэлъ зыфа1орэр. Гущы1эухыгъэ зэхэлъхэр купэу зэрэгощыгъэхэр.

Гущы1эухыгъэ зэгъусэзэхэлъхэр: гущы1эухыгъэ зэгъусэзэхэлъхэр зэрэзэпхыгъэ зэпххэм ялъытыгъэу зэрэгощыгъэхэр: зэзыпхырэ зэпххэмк1э

зэпхыгъэхэр, зэпыщыт зэпххэмк1э зэпхыгъэхэр, зыгощырэ зэпххэмк1э зэпхыгъэхэр.

Гущы1эухыгъэ зэпхыгъэзэхэлъхэр. Гущы1эухыгъэ зэпхыгъэ зэхэлъым игъэпсык1 ык1и тамыгъэу ищык1агъэр. Гущы1эухыгъэ зэпхыгъэзэхэлъхэр зэрэгощыгъэхэр: къызхэк1рэ гущы1эухыгъэ гуадзэхэр.

**Зэпх зыхэмыт гущы1эухыгъэ зэхэлъхэр**

Зэпх зыхэмыт гущы1эухыгъэ зэхэлъ зыфа1орэр. Зэпх зыхэмыт гущы1эухыгъэ зэхэлъхэр ямэхьанэк1э зэрэгощыгъэхэр.

Зэпх зыхэмыт гущы1эухыгъэ зэхэлъмэ тамыгъэ зэфэшъхьафэу ахагъэуцохэрэр (зэпыутыр, точкэмрэ зэпыутымрэ, точкит1ур, тирер).

## II

## Адыгэ литературэмк1э ч1эхьагъу экзаменым ипрограмм

Лъэпкъ факультетым къек1уал1эрэ абитуриентхэм гурыт еджап1эм адыгэ литературэмк1э ш1эныгъэу щагъотыгъэр ч1эхьагъу экзаменхэм къащагъэлъэгъожьынхэ фае.

Ч1эхьагъу экзаменым ипрограммэ гурыт еджап1эм адыгэ литературэмк1э зэрагъэш1агъэм къыпкъырэк1ы.

Абитуриентхэм адыгабзэк1э гуфит-шъхьафитэу, зэк1элъык1ок1э гъэнэфагъэ хэлъэу адыгабзэм ибайныгъэ, ык1уач1э зыфагъэфедэзэ ягухэлъ-гупшысэхэр яныдэлъфыбзэк1э къыра1отык1ын зэралъэк1ыщтыр къагъэлъэгъон фае.

Чанэу, 1упк1эу, литературабзэм ишапхъэхэр амыукъоу, рэхьатэу упч1эхэм яджэуапхэр къатын фае.

Литературэр къы1уатэ зыхъук1э, абитуриентым къыгъэнэфэн фае ш1эныгъэ куухэу и1эхэр: мифологие зыфа1орэр, фольклорыр, фольклорымрэ литературэмрэ зэрэзэфыщытхэр, адыгэ литературэр уцунымк1э зиш1уагъэ къэк1огъэ лъэныкъохэр, писателэу ык1и поэтэу ыш1эхэрэр, ахэм атхыгъэхэр къызэхифын ылъэк1ыныр, езбырэу гурыт еджап1эм щызэрагъэш1агъэхэр къы1ожьышъунхэу щытын фае.

**Фольклорыр**

Адыгэ фольклорыр зыл1эужыгъор, жанрэу и1эхэр.

Нарт эпосыр, ащ ил1ыхъужъ образхэр: Саусрыкъу, Шэбатныкъу, Хъымыщыкъо Пэтэрэз, Насрэн Жак1эр; Сэтэнай гуащэр, Акуанд, Адыиф, Исп гуащ ык1и нэмык1хэри.

Нарт эпосым игъэпсык1.

Адыгэ л1ыхъужъ орэдхэр, гъыбзэхэр, зек1о орэдхэр: «Ощнэ1у зау», «Бзыикъо зау», «Айдамыркъан», «Хьатх Мыхьамэт гъуаз».

1офш1эным фэгъэхьыгъэ орэдхэр.

Унэгъо-бын зэхэщэным фэгъэхьыгъэ орэдхэр: нысэщэ ык1и нысэищыжь орэдхэр, кушъэ орэдхэр, лъэтегъэуцо орэдхэр.

1эзэным фэгъэхьыгъэ орэдхэр:шъорэк1 орэдхэр, к1эпщэ орэдхэр.

Пшысэхэр. Пшысэ зэфэшъхьафэу щы1эхэр: хьэлэмэт пшысэхэр, хьэк1э-къуак1эмэ яхьыл1эгъэ пшысэхэр, унэгъо-бын к1оц1ым фэгъэхьыгъэ пшысэхэр. Пшысэхэм яш1ык1э-гъэпсык1. («Есмыкъо Есхъот», «Гъуч1 тыгъужъ» нэм.)

Таурыхъыжъхэр. Жанрэм ишэнхэр.

Тхыдэжъхэр. Таурыхъыжъхэмрэ тхыдэжъхэмрэ зэрэзэтек1хэрэр. («Цужъкъуамэ икъэбар», «Чэчаныкъо Чэчан», «Къарбэч итхыд»).

Сэмэркъэу орэдхэр. («Щырыт1ым», «Щынджые быгъужъым иорэд»).

Гущы1эжъхэр. Гущы1эжъхэм лъэпкъым иакъыл, игупшыс, идунэе еплъык1э къызэрагъэлъагъорэр.

Къоджэхь-къоджэшхыныр, 1уры1упчъэхэр. Мы 1оры1уатэмэ мэхьанэу я1эр. Адыгэ жэры1уабзэм гиперболэу, сравнениеу, метафорэу къахафэхэрэр.

**Адыгэ литературэр 1920-1930 илъэсхэм**

1920-1930 илъэсхэм адыгэ литературэм анахь темэ шъхьа1эу и1агъэр. К1эрэщэ Тембот ирассказхэу «Аркъ», «Насыпым игъогу» зыфи1орэ романым хэхъэжьыгъэ шъхьэхэу «Коммунистэу Биболэт», «Жъымэ яхьыкум» (1929); Хьаткъо Ахьмэд ирассказэу «Былым фэк1од» (1927); Цэй Ибрахьимэ идрамэу «Къок1ас» (1925); Ащкъэнэ Исмахьилэ ирассказэу «Ильяс» (1929).

**Адыгэ литературэр 1931-1940 илъэсхэм**

Анахь темэ шъхьа1эу я 30-рэ илъэсхэм адыгэ литературэм и1агъэр. К1эрэщэ Тембот ироманэу «Щамбул» (1032), ирассказхэу «Мэщыкъо ишъхьак1у» (1932), «Сарэты ишъэф» (1934); Хьаткъо Ахьмэд ипоэмэу «Хэта к1одрэр, тыда тызэк1урэр?» (1932); Цэй Ибрахьимэ ипьесэу «Фэмый» (1933); Пэрэныкъо Мурат ипоэмэхэу «Нэк1маз», «Сакъ» (1934), Теуцожь Цыгъо иусэхэу «Сижъышъхьэм сыжъудэбэкъон», Андрыхъое Хъусенэ иусэу «Орэд къэс1ощт», «Тэтэжъ игущы1э к1элак1эмэ афегъазэ» (1938); Еутых Аскэр иповестэу «Сшынахьыжъ» (1940).

***К1эрэщэ Тембот***

Щы1эныгъэ ык1и творческэ гъогу. Рассказхэу «Аркъ», «Мэщыкъо ишъхьак1у», «Сарэты ишъэф». Романэу «Насыпым игъогу». Повестэу «Шапсыгъэ пшъашъ» темэу и1эр, образхэр, идееу пхырищырэр. Рассказэу «Умыуцумэ къиуцук1 у1ук1эн» къызтегущы1эрэр. Повестэу «Хьаджрэт» итем, иидей, образ шъхьа1эу Къаймэт. Новэллэхэу «Л1ыгъэ» зыфи1орэ тхылъым къыдэхьагъэхэр. Блэк1ыгъэ лъэхъаным фэгъэхьыгъэ романэу «Шыу закъу». Залэкъо Ерстэм иобраз, Суандэ ихъишъ. Конфликтыр зэрэщигъэпсырэр. Романым мэхьанэу и1эр.

Адыгэ культурэм, адыгэ литературэм ихэхъоныгъэк1э К1эрэщэ Тембот мэхьанэу и1эр.

***Хьаткъо Ахьмэд***

Поэтым ищы1эныгъэ ык1и итворческэ гъогу. Лирикэр. Усэхэу «Къаштэ п1апэ», «Сырий, ежь зиери сэры». Поэмэу «Хэта к1одрэр, тыда тызэк1урэр?» къызтегущы1эрэр, гупшысэ шъхьа1эу пхырищрэр. Композиционнэ гъэпсык1эу поэмэм и1эр. Поэмэу «Ц1ыфыр щэрэ1 — щы1эмэ хъяр» зыфэгъэхьыгъэр. Хьаткъо Ахьмэд ипублицистикэрэ ипрозэрэ. Рассказхэу «Былым фэк1од» ык1и «Тызэш1ок1одынэп». Лъэхъанэу къагъэлъагъорэр. Идейнэ- тематическэ лъапсэу я1эр.

***Пэрэныкъо Мурат***

Щы1эныгъэ ык1и творческэ гъогу.

1офш1эным, заом ык1и мамырныгъэм яхьыл1эгъэ усэхэр, орэдхэр. Сатирическэ усэхэр. Поэмэу «Нэк1маз» композиционнэ гъэпсык1эу и1эр, темэу къы1этрэр, идейнэ мэхьанэу к1оц1ылъыр. Исхьакърэ Пщыкъуйрэ яхарактеристик. Поэмэу «Сакъ» къызтегущы1эрэр, уахътэу зыфэгъэхьыгъэр. Художественнэ амалэу авторым ыгъэфедэхэрэр.

Пэрэныкъо Мурат итворчествэ ч1ып1эу адыгэ литературэм щиубытырэр.

***Цэй Ибрахьим***

Ищы1эныгъэ ык1и итворческэ гъогу. Революцием ыпэк1э илитературнэ 1офш1агъэхэр. Лирическэ усэхэр. Прозаическэ произведениехэу адыгабзэк1и, урысыбзэк1и ытхыгъэхэр. К1элэц1ык1у литературэм хиш1ыхьагъэр. Баснэхэм 1офэу адиш1агъэр. Драмэу «Къок1ас» игъэпсык1. Образэу хэтхэр фольклорым зэрепхыгъэхэр. Пьесэу «Фэмый». Публицизмагъэу пьесэм хэлъыр.

***Теуцожь Цыгъу***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лъэхъанык1эр иусэхэм къызэращигъэлъэгъуагъэр. Стихэу «Сижъышъхьэм сыжъудэбэкъон». Поэмэу «Мафэкъо Урысбый» зэриусыгъэм итарихъ. Конфликтэу поэмэм къыгъэлъагъорэр. Образэу хэтхэр. Поэмэм идееу и1эр. Поэмэу «Пщы-оркъ зау» итарихъ. Конфликтэу поэмэм ылъапсэ илъыр. Лэжьак1охэм яобраз. Поэмэм мэхьанэу и1эр.

Теуцожь Цыгъо итворчествэ адыгэ литературэм ч1ып1эу щиубытрэр.

***Андрыхъое Хъусен***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Поэтым иусэхэу ихэку ш1улъэгъуныгъэ инэу фыри1эр къиз1отык1хэрэр. Тхылъэу «Орэд къэс1ощт» зыфи1орэм дэт усэхэм идее шъхьа1эу апхырыщыгъэр. Дунаим идэхагъэ

къэзгъэлъагъорэ усэхэу («Кавказ», «Гъэмэфэ пчэдыжь»). Андрыхъое Хъусенэ ехьыл1агъэу тхылъэу къыдэк1ыгъэхэр, поэтым фэгъэхьыгъэу атхыгъэ усэхэр.

**Отечественнэ зэошхом илъэхъан адыгэ литературэм изытет**

Хьэдэгъэл1э А., Еутых А., Лъэустэн Ю., Пэрэныкъо М., К1эрэщэ Т., Жэнэ Къ. атхыгъэхэр. Зэо ык1и зэоуж литературэм темэ шъхьа1эу я1агъэр.

***Лъэустэн Юсыф***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Апэрэ рассказэу «Аминэт» уахътэу къыгъэлъагъорэр. Повестэу «Гъогур 1ухыгъ» идееу зыфэлажьэрэр. Романэу «Къушъхьэр къэнэфы» зыфэгъэхьыгъэ темэр. Образэу хэтхэр. Къэгъэлъэгъок1э амалхэу тхак1ом ыгъэфедэхэрэр. Романэу «Ожъубанэкъохэр» проблемэу къы1этрэр. Образ зэфэшъхьафэу хэтхэр. Конфликтыр зэш1охыгъэ зэрэхъурэр. Лъэустэн Юсыф адыгэ литературэм зэрэщылажьэрэр.

***Еутых Аскэр***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр. Поэмэхэу «Пшъэшъэ тхьалап1», «Пщыналъ» къагъэлъагъорэр. Прозэр. Повестэу «Сшынахьыжъ» темэу ык1и идееу и1эр. Мурат иобраз. Повестэу «Мыжъоф кухь» зыфэгъэхьыгъэр. Къэгъэлъэгъок1э амалхэу писателым 1эк1элъхэр.

**Адыгэ литературэр я 60-80 илъэсхэм**

Историческэ темэр къызэрэхахьэрэр. К1эрэщэ Т., Шъхьэпл1экъо Хь., Мэщбэш1э И. атхыгъэхэр. Революцием итемэ фэгъэхьыгъэ тхылъхэр. Кэстэнэ Д., Еутых А. атхыгъэхэр. Жэнэ Къ., Яхъул1э С. яусэхэр. Альманахэу «Зэкъошныгъ», хэку гъэзетхэм ямэхьан.

***Кэстэнэ Дмитрий***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Литературнэ критикэмк1э и1офш1агъэхэр. Тхылъэу «1ошъхьит1у» (1948), «Ц1ыфым иш1уш1агъ» (1955) ятематик. Повестэу «Ц1ыфым иш1уш1э к1одырэп» гупшысэ шъхьа1эу пкъырылъыр. Романэу «Псыхъохэр зэхэлъадэх» лъэхъанэу къыгъэлъагъорэр. Лэжьэк1о ц1ыфхэм якобразхэу романым къытхэрэр. Романэу «Шэуджэн Мос» зыфэгъэхьыгъэ лъэхъаныр. Образ шъхьа1эу къытхэрэр. Кэстэнэ Дмитрий итворчествэ адыгэ литературэм ч1ып1эу щиубытрэр.

***Яхъул1э Сэфэр***

Итворческэ гъогу. Илирик. Усэхэу зэкъошныгъэм, мамырныгъэм, ш1улъэгъуныгъэм афэгъэхьыгъэхэр («Адыгееу сик1ас», «Гупшыс»). Поэмэхэу «Комиссар», «Хъусен» темэу, идееу я1эр. Орэдышъом ралъхьэгъэ усэхэр.

***Жэнэ Къырымыз***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр. Военнэ-патриотическэ темэ зи1э усэхэр. («Пэ1упхъо фыжь», «Ным фэк1о», «Зэуап1эр»,

«Письмит1у», «Сабыймэ ац1эк1э»). Ш1улъэгъу лирикэр («О унит1у», «Сижъуагъу» нэм.) Историческэ темэ зи1э усэхэр. К1элэц1ык1умэ апае ытхыгъэхэр. Прозэр. Повестэу «Андрыхъое Хъусен» идейнэ джэмакъэу хэ1ук1рэр. Жэнэ Къырымызэ итворчествэ имэхьан.

***Хьэдэгъэл1э Аскэр***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр. Повестэу «Адыгэм ыпхъу» лъэхъанэу къыгъэлъагъорэр. Къарэ иобраз. Фольклорым 1офэу диш1эрэр. Поэмэхэу «Лащын», «Батмэтыкъохэр» идейнэ-тематическэ лъапсэу я1эр.

***Мэщбэш1э Исхьакъ***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр. «Ц1ыф лъэшхэр» зыфи1орэ поэмэм заом итемэ къызэрэзэ1уихрэр. Поэмэу «Хыуай» лъэпкъым титхьамык1агъо къызэригъэлъагъорэр. Историческэ мотив зи1э усэхэр («Адыгэмэ яорэд», «Адыгэ цый», «Сикъушъхьэхэр»). Мамырныгъэм фэгъэхьыгъэ усэхэр («Щагур зэгъок1ы», «Лъэмакъэхэр»). Интимнэ лирикэр («Нап1эр къэс1этэу...», «Мыхъур 1элъын»). Философскэ лирикэр «Чъыгыхэр», «Лъэмыджхэр».) Романэу «Бзыикъо зау» къызтегущы1эрэр. Романэу «Илъэс фыртынхэр» зыфи1орэм заом итхьамык1агъо къызэригъэлъагъорэр.

Мэщбэш1э И. ауж илъэсхэм и1офш1агъэхэр.

***1эшъынэ Хьазрэт***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр (сб. «Псэм фэд»). Баснэхэр зыдэт тхылъэу къыдэк1ыгъэхэр ык1и ахэмэ ямэхьан. Повестэу «Августым иаужырэ тхьамаф» итем, иидей. Образэу къыхафэхэрэр. Художественнэ ш1ык1э-гъэпсык1эу повестым и1эр. Романэу «Аштрам». Борэ идунай. Сатирэмрэ юморымрэ писателым дэгъоу зэрэ1эк1элъыр. 1эшъынэ Хьазрэт истиль.

***Бэрэтэрэ Хьамид***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Лирикэр. Заом итемэ къызщи1этырэ усэхэр («Щэпак1», «Бэп сыныбжьыгъэр заор къызежьэм», «Къушъхьэ»). Поэмэу «Сшыпхъу тэмабгъу» историческэ лъапсэу и1эр. Джырэ уахътэм игупшысэ гухэк1хэр зыщыпхырищырэ усэхэр.

Историческэ-героическэ поэмэхэу «Ч1ылъэм итхыд» 1эпэ1эсэныгъэм ылъэныкъок1э изытет.

***Шъхьэпл1экъо Хьис***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Драмэу «Даут» зыфэгъэхьыгъэр. Блэк1ыгъэ лъэхъаным идрамэ къиз1отык1ырэ пьесэу «Зигъонэмысым икъашъу». Шъхьэпл1экъо Хь. адыгэ драматургием ч1ып1эу щиубытыгъэр.

***Кощбэе Пщымаф***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Апэрэ тхылъэу «Сэтэнай» зыфэдэр. Повестэу «Мэфибл уай» щы1эныгъэм иушэтып1эхэм ц1ыф зэфэшъхьафхэр къызэригъэлъагъорэр. Аужрэ лъэхъаным къыдигъэк1ыгъэ тхылъхэр.

***Къумп1ыл Къадырбэч***

Ищы1эныгъэ ык1и итворческэ гъогу. Илирикэ: «Ныхэр». «Ным иорэд», поэмэу «Гугъэ». «О, ухэт, ц1ыфыр?» ятем, гупшысэ шъхьа1эу апхырищыгъэр.

***Къуекъо Налбый***

Ищы1эныгъэрэ итворческэ гъогурэ. Илирикэ: «Сихэгъэгу», «Сиадыгабз», «Сыогупшысэ». К1элэц1ык1у литературэм, драматургием и1ахьэу ахилъхьагъэр. Поэмэу «Фэкъол1ым икъашъу» гупшысэу пхырищырэр. Поэмэу «Теуцожь Цыгъу» зэрэгъэпсыгъэр.

***Цуекъо Юныс***

Повестэу «Къэзгъэзэжьырэ ижъырэ шыухэр» лъэпкъым идуховнэ культурэ к1уач1эу хэлъыр къызэригъэлъагъорэр.

***Нэхэе Руслъан***

Илирикэ: «Дахэр сихэку», «Шъыпкъишъ», «Мэкъумэщыш1», «Къэмык1ожьыгъэмэ яорэд», «Псыкъефэх». Усэхэм джэмакъэу ахэ1ук1ырэр. Поэмэу «Чэщныкъом пчъэм къытеох» гупшысэ шъхьа1эу къыхищрэр. Поэмэу «Шыблэр зыщыоу, ч1ыгур зыщыстырэм» проблемэу къы1этхэрэр.

***Бэгъ Нурбый (1937-1995)***

Итворчествэ гъогу. Илирик: «Улъэш, ц1ыфы, улъэш», «Л1эш1эгъумэ адэшэсыгъэхэр», «Гъэбэжъу огъот апщи» нэмык1хэри темэу къа1этхэрэр. К1элэц1ык1у литературэм и1ахьэу хилъхьагъэр. Поэмэу «Быракъыр езыхьыжьагъэр» къыгъэлъэгъорэ лъэхъаныр.

**Адыгэ литературэм аужырэ илъэсхэм хэхъоныгъэу ыш1ыгъэхэр**

Емыж Мули1эт, Къуекъо Шыхьамбый, Хъунэго Саид, Л1ыхэсэ Мухьдин, Хъурым Хъусен, Пэрэныкъо Роз нэмык1хэри литературнэ-творческэ 1офш1агъэхэу я1эхэр. Адыгэ литературнэ критикэм ык1и литературоведением изытет.